

# 4YÈM ANE

## NIVO ELEMANTÈ EGZAMEN SYANS

### EGZAMEN EKRI

ME 2005

**Non Elèv la** \_\_\_\_\_

**Non Lekòl la** \_\_\_\_\_

Ekri non w ak non lekòl ou an majiskil sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen an gen de (2) pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

**Premye Pati** a gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou bay pou kesyon sa yo sou yon fèy repons separe. Sèvi ak kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

**Dezyèm Pati** a gen 11 kesyon ki mande pou w konpoze yon repons. Ekri repons ou bay pou Dezyèm Pati a nan tiliv egzamen sa a.

Ou pral gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

**PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W VIRE L.**

Copyright 2005

## ESPLIKASYON

Premye Pati egzamen sa a gen 30 kesyon ladan l. Chak kesyon gen twa oswa kat repons ki vini apre l, repons yo make ak lèt A pou rive nan D. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou w chwazi. Sou fèy repons separe a, make repons ou nan ranje ki gen ti wonn ki koresponn ak chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon nimewo 2 pou make repons ou yo sou fèy repons lan.

Li egzanzp kesyon **S-1** ki pi ba la a.

**S-1** Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki genyen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzanzp **S-1** an. Gade kouman yo nwasi ti wonn koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, bay repons pou kesyon ki nan egzantp **S-2** a. Make repons ou sou fêy repons lan nan kare ki genyen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzantp **S-2** a.

**S-2** Kilès nan bèt sa yo ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen

Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A** a. Sou fêy repons lan, ou te dwe nwasi ti wonn **A** a.


Reponn tout 30 kesyon yo nan Premye Pati egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fèt pou efase repons lan nèt. Ou kapab pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlmen fè sa ou kapab pou chak kesyon.

Lè w fini ak Premye Pati a, ale nan Dezyèm Pati a. Reponn tout kesyon ki nan Dezyèm Pati a nan espas yo kite pou chak kesyon an.

## Premye Pati

- 1 Ki egzanzp ki dekri yon òganis k'ap dijere aliman?
  - A yon chen k'ap antere yon zo
  - B yon tifi k'ap manje yon pòm
  - C yon ensèk k'ap ranpe sou yon fèy
  - D yon ti gason k'ap plante tomat nan yon jaden
  
- 2 Ki karakteristik moun erite olye yo aprann li?
  - A bay yon istwa
  - B salye drapo a
  - C genyen zye ble
  - D monte bisiklèt
  
- 3 Ki fonksyon prensipal ekay yo sou yon pwason?
  - A pou pwoteje pwason an
  - B pou atake predatè
  - C pou ede pwason an jwenn manje
  - D pou ede pwason an respire
  
- 4 Ki konpòtman ki yon egzanzp yon bèt k'ap adapte ak yon chanjman nan anviwònman an?
  - A yon ekirèy k'ap monte yon pyebwa
  - B yon lapen k'ap bay pitit li manje
  - C yon krapo k'ap manje yon ensèk
  - D yon zwazo k'ap vole ale nan direksyon sid

Baze repons ou pou kesyon 5 jiska 7 sou dyagram chèn alimantè pi ba a ak sou konesans syans ou.



5 Ki òganis nan chèn alimantè sa a nesesè pou tout lòt òganis yo siviv?

- A cheniy
- B krapo
- C plant
- D koulèv

6 Ki òganis nan chèn alimantè sa a ki se predatè?

- A plant ak cheniy
- B cheniy ak krapo
- C krapo ak koulèv
- D koulèv ak plant

**Konstate ke kesyon 7 gen twa chwa sèlman.**











7 Si popilasyon koulèv ogmante, popilasyon krapo ap pi pwobableman

- A diminye
- B ogmante
- C rete menm jan an

\*\*\*\*\*

Baze repons ou pou kesyon 8 jiska 10 sou tablo pi ba a ak sou konesans syans ou. Tablo a montre dire lavi plizyè òganis.

**Dire Lavi Plizyè Òganis**

<b>Pyebwa Pen</b>					 Pyebwa Sèd Liban	 Pen ak kòn pike
<b>Plant k'ap fè flè</b>		 Grenn pavo komen	 Dijital			 Chèn Anglè
<b>Atwopòd (ensèk fè pati ladan l')</b>	 Mouch	 Papiyon		 Oma Ameriken		
<b>Mamifè</b>			 Rena Rouj	 Elefan Afriken		

1-30 jou

1-12 mwa

1-10 ane

10-100 ane

100-1.000 ane

Plis pase 1.000 ane

(Ki pa trase ak mezi)

**8** Sa ki dire lavi yon òganis?

- A staj devlopman òganis la
- B longè tan òganis la viv
- C bezwen fondamantal òganis la
- D jan òganis la viv lavi li

**9** Dire lavi yon elefan Afriken ant

- A 1 minit ak 1 jou
- B 1 ane ak 10 ane
- C 10 ane ak 100 ane
- D 100 ane ak 1.000 ane

10 Ki òganis ki genyen dire lavi ki pi long?

- A rena wouj
- B grenn pavo komen
- C Oma Ameriken
- D pen ak kòn pike

\*\*\*\*\*

11 Bèt jwenn enèji pou kwasans ak reparasyon nan

- A tè
- B manje
- C dlo
- D lè

12 Yon chen ouvri bouch li epi li kite lang li trennen deyò. Yon kò moun pwodi transpirasyon. Sa yo se de jan òganis ka adapte ak

- A tanperati ki frèt
- B tanperati ki cho
- C yon mank manje
- D yon mank bwè dlo

13 Pandan ki sezon nan ane a pwal yon lapen ta pi epè?

- A sezon otòn
- B sezon prentan
- C sezon ete
- D sezon ivè

14 Ki bèt k'ap prepare pou yon chanjman sezon nan anviwònman an?

- A yon chòvsouri k'ap vole lannit
- B yon sèf k'ap bwè dlo
- C yon ibou k'ap manje yon sourit
- D yon ekirèy k'ap sere grenn


15 Yon egzanzp yon abitud sante ki *pa bon* se

- A pran yon ben ak yon douch regilyèman
- B lave men apre itilizasyon twalèt la
- C jwe nan ekip foutbòl la
- D manje sirèt olye dine

16 Ki sibstans yo abityèlman jwenn nan lanati kòm likid, solid ak gas?

- A dlo
- B wòch
- C metal
- D vè

17 Kat pi ba a montre kondisyon tan yo nan yon sèl jou nan Etazini.




Ki kalite presipitasyon k'ap fèt?

- A mare wo ak mare ba
- B lapli ak nèj
- C vegla ak grèl
- D tan kouvri ak nyaj ak tan solèy



18 Nan dyagram pi ba a, lèt A, B, C ak D montre pwosè yo nan sik dlo a.



Ki lèt ki montre debòdman?

- A A
- B B
- C C
- D D


19 Yon elèv ap kiltive kèk plant pou yon eksperyans. Li wè ti tach blanch sou fèy yo. Ki zouti li dwe itilize pou li ka pi byen wè tach yo?

- A tèmomèt
- B lantiy
- C silenn gradye
- D balans

20 Sa ki yon jan pou chanje dlo sòti likid al solid?

- A diminye tanperati a
- B ogmante tanperati a
- C diminye mas la
- D ogmante mas la

21 Dyagram pi ba a montre yon rivyè k'ap koule nan yon vale.




Ki pwosè ki te lakòz fòmasyon vale nan rivyè a?

- A evaporasyon
- B ewozyon
- C depozisyon
- D kondansasyon

**Konstate ke kesyon 22 gen twa chwa sèlman.**


22 Dyagram pi ba a montre yon vè plastik k'ap flote nan yon resipyan ki gen dlo.



Si yo mete mab nan vè a, nivo dlo a ap

- A diminye
- B ogmante
- C rete menm jan

- 23** Dyagram pi ba a montre twa plant k'ap pann pi wo yon tab. Yon elèv te wouze plant yo ak dlo epi li te wè dlo sou tèt tab la. Lelandemen, elèv la remake ke pat gen dlo sou tab la.




Ki pwosesis ki fèt?

- A kondansasyon
  - B ewozyon
  - C evaporasyon
  - D presipitasyon
- 24** Lè yon moun pale nan telefòn, enèji son an chanje plis nan ki fòm enèji?
- A enèji chalè
  - B enèji limyè
  - C enèji elektrik
  - D enèji chimik
- 25** Yon machin glise sou wout la epi lafimen parèt tankou li sòti anba kawotchou yo. Chalè ki pwodi lafimen an se lakòz
- A manyetis
  - B son
  - C limyè
  - D friksyon

**26** Nan ki egzann yo ta ka itilize yon tèmomèt pou montre enèji chalè k'ap transfere?

- A Yo frape kle yon pyano pou jwe li.
- B Yo itilize yon pèl pou transpòte tè sot yon kote ale yon lòt.
- C Yo voye yon balon nan lè.
- D Yo itilize yon fou pou bouyi dlo nan yon chodyè.

**27** Yo montre yon siki elektrik pi ba a.



Ki bagay nan X k'ap konplete siki sa a?

- A yon twonbòn an metal
- B yon boutèy plastik
- C yon bann elastik
- D yon ti bout bwa

**28** Lè yon ti bebe sekwe yon ochè, li fè bri. Ki fòm enèji te vin tounen enèji son an?

- A enèji elektrik
- B enèji limyè
- C enèji mekanik
- D enèji chalè

**29** Yo voye yon boul anlè epi li redesann. Boul la redesann poutèt

- A gravite
- B friksyon
- C ewozyon
- D manyetis

**30** Yon aparèy senp ki ede monte yon drapo nan yon poto drapo se

- A yon fê ak eman
- B yon plàn encline
- C yon pouli
- D yon levye

\*\*\*\*\*

**ALE TOU DWAT NAN DEZYÈM PATI ⇨**

## Dezyèm Pati

*Direksyon* (31–40): Ekri repons ou yo nan espas anba chak kesyon.

**31** Yon klas katriyèm ane vizite yon madlo. Yo wè yon krapo vèt, yon kastò, ak yon koulèv mawon ak po swa. Pwofesè a te panse krapo a bèl. Elèv yo te itilize filè pou yo pran ensèk yo nan madlo a. Elèv yo te gade plizyè ensèk. Yo te konte sis pye nan chak ensèk. Kèk elèv te panse ensèk yo te parèt efreyan.

a Idantifye **yon sèl** opinyon ki nan paragraf la. [1]

---

---

b Idantifye **de** obzèvasyon ki nan paragraf la. [2]

(1) \_\_\_\_\_

---

(2) \_\_\_\_\_

---

**32** Mete yon nimewo (2, 3, oubyen 4) sou liy pi ba chak dyagram pou montre lòd kat staj nan sik lavi yon papiyon. Staj 1 gentan genyen yon nimewo. [1]



Granmoun (Papiyon)

---



Ze


**1**

---



Kokon (Krisalid)


---



Lav (Cheniy)

---

**33** Dyagram pi ba a montre twa pati nan yon plant.



Konplete tablo pi ba a lè ou mete chak pati yon plant ak fonksyon li. [2]

Fonksyon	Pati Plant
Itilize limyèsolèy pou fè manje	
Dijere dlo ak aliman	
Fè grenn	

**34** Apre li fin mache nan yon chan, yon elèv jwenn grenn kole nan rad li. Li konnen genyen yon jan li ka retire grenn yo. Eksplike **yon lòt** jan grenn yo ka dispèse. [1]

---



---




---

Baze repons ou pou kesyon 35 ak 36 sou dyagram pi ba yo ak sou konesans syans ou. Dyagram yo montre menm moso tè nan sezon ete 2002 a ak sezon ete 2003 apre pyebwa yo te koupe.



Ete 2002



Ete 2003

**35** Dekri **yon** bagay **pozitif** ki ta ka yon rezilta pyebwa ki koupe yo. [1]

---

---

**36** Dekri **yon** bagay **negatif** ki ta ka rezilta pyebwa ki koupe yo. [1]

---


---

\*\*\*\*\*



Baze repons ou pou kesyon 37 ak 38 sou enfòmasyon ak graf pi ba a.

Yon elèv te plante ven grenn flè idantik, diz grenn nan po A ak dis grenn nan po B. Tou le de po yo te gen menm kalite ak valè tè ladan yo. Tou le de po yo te jwenn menm valè limyè solèy ak dlo. Lè plant yo te kòmanse pouse, elèv la retire tout sòf de plant nan po A. Li kite toule dis plant yo nan po B. Graf la montre wotè mwayen plant yo nan chak po apre 30 jou.



**37** Ki diferans ant wotè mwayen plant nan po A yo ak plant nan po B yo? [1]

\_\_\_\_\_ santimèt

**38** Eksplike poukisa genyen yon diferans nan wotè mwayen ant plant nan po A yo ak plant nan po B yo. [1]

---

---

\*\*\*\*\*

**39** Tab done pi ba a montre tanperati, kalite presipitasyon, ak kondisyon syèl pou twa vil nan Eta Nou Yòk jou 15 Novanm a midi.

**Tablo Done**

Vil	Tanperati (°F)	Kalite Presipitasyon	Kondisyon Syèl
Albani	45	lapli	tan kouvri ak nyaj
Masena	27	nèj	tan kouvri ak nyaj
Bifalo	42	okenn	tan solèy ak tan klè

Eksplike poukisa presipitasyon an nan Masena se nèj. [1]

---



---

**40** Elèv itilize zouti pou mezire pwopriyete plizyè bagay. Tablo pi ba montre kèk pwopriyete, zouti, ak inite metrik pou mezi.

Pwopriyete	Zouti	Inite Metrik pou Mezi
mas	balans	g
longè	règ	
	silenn gradye	mL
tanperati		°C

Konplete tablo a lè ou ranpli twa bwat ki fonse yo ak pwopriyete, zouti ak inite metrik pou mezi kòrèk yo. [3]

\*\*\*\*\*



**For Teacher Use Only**  
**Part II Credit**

<b>Question</b>	<b>Maximum Credit</b>	<b>Credit Allowed</b>
<b>31</b>	<b>3</b>	
<b>32</b>	<b>1</b>	
<b>33</b>	<b>2</b>	
<b>34</b>	<b>1</b>	
<b>35</b>	<b>1</b>	
<b>36</b>	<b>1</b>	
<b>37</b>	<b>1</b>	
<b>38</b>	<b>1</b>	
<b>39</b>	<b>1</b>	
<b>40</b>	<b>3</b>	
<b>Total</b>	<b>15</b>	